BAB I
BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di éra globalisasi, kaparigelan ngaregepkeun penting pisan luyu jeung kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi, masarakat diperedih pikeun ngaregepkeun rupa-rupa informasi sacara gancang tur bener. Masarakat bisa narima informasi ku sababaraha media, saperti: telepisi, telepon, radio, jeung internet. Ku kituna, masarakat diperedih pisan pikeun miboga kaparigelan ngaregepkeun. Kaparigelan ngaregepkeun mangrupa salah sahiji tina opat aspék pangajaran basa, anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat aspék kaparigelan téh moal bisa dipisahkeun dina pangajaran basa Sunda.

Dina kanyataanna, pangajaran ngaregepkeun kurang diperhatikeun ku siswa atawa sok diapilainkeun. Dumasar hasil pangamatan Gustiar (2013, kc. 73-74) aya sababaraha masalah anu nyangkaruk dina pangajaran ngaregepkeun, di antarana: (1) siswa kurang paham ngeunaan pentingna kaparigelan ngaregepkeun hususna dina pangajaran ngaregepkeun dongéng; (2) nepikeun materi anu teu ngirut ngabalukarkeun siswa jadi kurang antusisas; (3) media pangajaran masih minim; jeung (4) téknik pangajaran dina ngaregepkeun kurang variatif. Éta hal anu ngabalukarkeun kurangna kamampuh siswa dina ngaregepkeun.

Lian ti éta, aya ogé masalah ngeunaan ngaregepkeun numutkeun Arono (2013, kc.130-131) yén nalika guru nerapkeun kompetensi pangajaran di kelas, sési ngaregepkeun sok ditéréhkeun atawa dikurangan. Kaparigelan ngaregepkeun siswa tara dipeunteun, ngabalukarkeun siswa can mampuh ngaregepkeun. Metodologi ngaregepkeun pangajaran saeutik dibahas, ditalungtik, jeung aya *kecenderungan* pikeun guru yén ngaregepkeun mangrupa aktivitas biasa dina sapopoé. Lian ti éta, komitmen guru anu kurang hadé pikeun hiji pamarekan dina ngaregepkeun ku 'kaparigelan kaintegrasi' anu ngabalukarkeun ngaregepkeun ngan dijadikeun indikator dina pangajaran, sanajan diajarkeuna dirurusuh. Maca

Fina Lanah Diyana, 2017
MODÉL PANGAJARAN TWO STAY TWO STRAY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NGAREGEPKEUN DONGÉNG
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung nulis dianggap salaku kaparigelan anu leuwih diutamakeun dina pangajaran kaparigelan basa.

Dumasar anu dibéjér béaskeun di luhur, bisa dicindekeun yén kaparigelan ngaregepkeun mangrupa kaparigelan anu utama, tapi diapilainkeun boh ku guru boh ku siswa. Guru ogé nyapirakeun jeung nganggap yén ngaregepkeun mangrupa aktivitas biasa dina sapopoé .

Nilik kana kalungguhan ngaregepkeun anu mangrupa salah sahiji aspék tina opat kaparigelan basa, pangajaran ngaregepkeun salaku bagian tina pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP/MTs. Pangajaran ngaregepkeun perlu dilaksanakeun sacara daria sakumaha pangajaran kaparigelan basa nu séjénna. Ku kituna, guru diperedih ngawasa kana kaparigelan ngaregepkeun anu hadé sarta bisa ngokolakeun pangajaran ngaregepkeun sacara éféktif.

Dina kurikulum 2013 disebutkeun yén aya 22 kompeténsi dasar (KD) anu kudu dikawasa ku siswa dina kaparigelan basa jeung sastra jenjang SMP/Mts. Salah sahijina di kelas VII A aya pangajaran ngaregepkeun dongéng, anu kompeténsi dasarna:

7.3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis DONGENG sesuai dengan kaidah-kaidahnya

Mata pelajaran ngaregepkeun dongéng nya éta pangajaran anu mikabutuh pamahaman anu jero jeung komprehénsif (Gustiar, 2013, kc. 73). Kitu deui dina pangajaran ngaregepkeun dongéng, siswa nganggap yén ngaregepkeun dongéng téh hésé, sabab dipangaruhan ku sababaraha faktor, nya éta: (1) siswa sok ngarasa tunduh nalika guru/siswa séjén ngadongéng di hareup lantaran teu saregep dina ngaregepkeunna, jeung (2) stratégi atawa modél anu dipaké ku guru teu saluyu jeung matéri ajarna.

Umumna, model pangajaran anu digunakeun ku guru sok monoton jeung ngan museur ka guru. Salah sahiji cara pikeun nungkulan masalah dina pangajaran ngaregepkeun utamana ngaregepkeun dongéng, nya éta modél pangajaran anu inovatif tur kréatif dina nepikeun matéri. Model pangajaran anu rék digunakeun nya éta modél pangajaran anu sipatna kooperatif. Modél pangajaran kooperatif dianggap leuwih terstruktur, leuwih preskriptif ka guru ngeunaan téknik kelas,

leuwih diréktif ka siswa ngeunaan kumaha gawé dina hiji kelompok (Oxford, 1997 dina Meilani, 2016, kc. 188).

Modél pangajaran kooperatif dibagi jadi sababaraha tipe, salah sahijina nya éta modél pangajaran *Two Stay Two Stray*. Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* mangrupa modél pangajaran anu bisa dilarapkeun ka sakabéh mata pelajaran jeung jenjang atikan. Kagiatan dina ieu modél, méré kasempetan ka kelompok pikeun silih ngabagikeun hasil sarta informasi jeung kelompok séjén (Lie dina Manik, 2016, kc. 41).

Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* kasebut modél pangajaran anu inovatif dina pangajaran ngargepkeun dongéng, sabab dina modél pangajaran *Two Stay Two Stray* galur dina proses diajar, asalna lain ngan saukur ti guru ka siswa, tapi nu asalna ti siswa ogé bisa, nya éta ku cara saperti: 1) silih ngajar jeung siswa séjénna, 2) siswa bisa silih méré hasil jeung informasi sacara *face to face* ngeunaan dongéng jeung kelompok séjén, sarta 3) bisa ngarahkeun siswa diajar aktif tur gawé bareng jeung babaturan kelompokna.

Tina sababaraha hasil panalungtikan nunjukeun yén diajar jeung babaturana bakal leuwih éféktif, jeung leuwih gancang maham tibatan pangajaran anu ditepikeun ku guru. Ngaliwatan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* dipiharep siswa kamotivasi pikeun diajar maham matéri sacara mandiri, teu ngan saukur narima, ngaregepkeun, jeung nginget hungkul tapi dilatih pikeun ngoptimalkeun kamampuhna dina interaksi jeung siswa séjén ku cara ngalakukeun diskusi dina kelompok, dilatih ngajelaskeun hasil beubeunanganana ka pihak séjén jeung dilatih pikeun ngaréngsékeun masalah (Manik, 2016, kc. 42).

Biasana dina pangajaran ngaregepkeun dongéng guru ngagunakeun metode ceramah atawa konvénsional, guru/siswa séjén macakeun atawa ngadongéng di hareup kelas, moal cukup ku sakali lawungan lamun siswa dipiharep bisa maham sababaraha dongéng, sarta siswa sok ngarasa tunduh jeung bosen. Ku kituna, dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* dipiharep siswa mampuh maham eusi sarta unsur-unsur anu ngawangun dongéng tina sababaraha dongéng kalayan éféktif.

Aya sababaraha panalungtikan saacanna ngeunaan modél pangajaran *Two Stay Two Stray* nya éta ku panalungtikan ku Manda (2016) anu judulna "*Penerapan Modél Pembelajaran Kooperatif Tipe Two Stay Two Stray dalam Pembelajan Mengubah Teks Wawancara Menjadi Bentuk Narasi*", dina ngarobah téks wawancara kana wangun narasi dicindekkeun yén modél pangajaran kooperatif tipe *Two Stay Two Stray* digunakeun dina pangajaran nulis narasi aya pangaruh anu signifikan kana kamampuh nulis siswa. Kitu ogé, numutkeun Komala (2014) anu judulna "*Penerapan Modél Pembelajaran Two Stay Two Stray dalam Pembelajaran Membaca Teks Biografi*" dina kamampuh maca téks biografi katitén yén ieu modél téh éfektif. Ayana pangaruh anu signifikan kana kamampuh maca siswa. Dumasar conto-conto panalungtikan di luhur, modél pangajaran *Two Stay Two Stray* mangrupa modél pangajaran anu geus kabuktian aya pangaruh anu signifikan sarta éféktifna dina pangajaran basa.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna "Modél Pangajaran *Two Stay Two Stray* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VII A SMPN 2 Lembang Taun Ajaran 2016/2017)" perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Aya sababaraha masalah anu bisa diidéntifikasikeun dina ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

a) Kamampuh ngaregepkeun siswa dina pangajaran dongéng ngawengku: tingkat ingetan, pamahaman, jeung tingkat analisis. Dina kamampuh ngaregepkeun tingkatan ingetan, siswa diperedih pikeun nginget-nginget fakta anu aya dina hiji wacana. Éta fakta mangrupa tokoh, jeung latar (tempet jeung waktu) dina wacana dongéng. Sedengkeun dina kamampuh ngaregepkeun tingkat pamahaman siswa diperedih pikeun maham eusi wacana dongéng anu diregepkeunana. Maksudna siswa maham kana eusi wacana dongéng, kajadian dina éta wacana dongéng, téma, galur, sarta amanat. Sarta kamampuh ngaregepkeun tingkat analisis pikeun maham informasi dina wacana dongéng. Pikeun maham informasi wacana

dongéng siswa diperedih pikeun nganalisis. Nganalisis didieu mangrupa analisis detail-detail informasi ngeunaan dongéng ngawengku unsur-unsur intrinsik anu ngawangun dongéng dumasar kana ingetan jeung pamahaman siswa kana dongéng anu geus diregepkeunna.

b) Modél pangajaran anu digunakeun pikeun ngungkulan masalah ngaregepkeun dongéng nya éta ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*. Modél pangajaran anu sipatna kooperatif, anu bisa ngarahkeun siswa diajar aktif, gawé bareng, sarta siswa bisa meunangkeun informasi ngeunaan dongéng.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar identifikasi masalah dina ieu panalungtikan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

a) Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMPN 2 Lembang saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* ?
b) Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMPN 2 Lembang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* ?
c) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray* ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung pasualan anu geus dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu tujuan panalungtikan pikeun mikanyaho aya bédana atawa henteu antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sabda ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu tujuan panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun :

a) kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMPN 2 Lembang saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray;*

b) kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII A SMPN 2 Lembang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray;* jeung

c) bédana anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Two Stay Two Stray*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina unggal panalungtikan tangtu miboga mangpaat, mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku kabagi jadi dua, nya éta panalungtikan mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, di antarana:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dipiharep dina unggal panalungtikan bisa méré mangpaat, pikeun nyampurnakeun pangajaran di sakola, anu mangrupa ruang lingkup tina pangajaran basa Sunda di sakola. Hasil tina ieu panalungtikan dipihareup bisa mekarkeun pangaweruh jeung téori pangajaran pikeun milih modél pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan praktis tina ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa panalungtik, jeung sakola.

a) Pikeun guru, modél pangajaran *Two Stay Two Stray* bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran di kelas. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pedoman pikeun ngawujudkeun kaayan kelas anu nyaman dina ngagunakeun modél pangajaran di kelas.

b) Pikeun siswa, dipiharep siswa bisa meunangkeun pangalaman jeung pangaweruh dina kagiatan diajar. Modél pangajaran *Two Stay Two Stray* ngajak siswa sangkan aktif dina kagiatan diajar, sarta bisa ngaronjatkeun pangaweruh, pamahaman matéri diajar siswa dina pangajaran basa Sunda.

c) Pikeun panalungtik, panalungtik bisa nimukeun salah sahiji modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif pikeun pangajaran basa Sunda anu patali jeung kamampuh ngaregepkeun siswa pikeun nalungtik éféktifitas tina ieu modél pangajaran di sakola.

d) Pikeun sakola, hasil ieu panalungtik dipihareup bisa méré mangpaat pikeun kepala sakola jeung komite sakola pkeun bahan ngaronjatkeun kualitas pangajaran, hususna dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis anu aya patalina jeung masalah panalungtikan.

BAB III, eusina ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, instrumen panalungtikan, téknik ngumpulkan data, jeung analisis data.

BAB IV, eusi ngeunaan data jeung analisis data nu patalina jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis.

BAB V, eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi.

Daftar Pustaka

Arono. (2013). PENGEMBANGAN PEMBELAJARAN KETERAMPILAN MENYIMAK MELALUI TEKNOLOGI DAN INFORMASI. *Jurnal Pendidikan Bahasa Dan Sastra*, *13*(2), 129–148.

Gustiar, M. L. (2013). MEDIA AUDIO VISUAL MENYIMAK DONGÉNG. *Lokabasa*, *4*(1), 72–76.

Manik, K., Gafur, A. (2016). PENERAPAN MODEL TWO STAY TWO STRAY BERBANTUAN MULTIMEDIA UNTUK MENINGKATKAN AKTIVITAS DAN HASIL BELAJAR IPS THE IMPLEMENTATION. *Harmoni Sosial*, *3*(1), 39–49.

Meilani, R., & Sutarni, N. (2016). PENERAPAN MODEL PEMBELAJARAN COOPERATIVE SCRIPT UNTUK MENINGKATKAN HASIL BELAJAR. *Jurnal Pendidikan Manajemen Perkantoran*, *1*(1), 186–197.